

**KITAB MI'RAJ NABI**  
**(Tintingan Intertekstual)**

**Sulistianawati**

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah FBS Universitas Negeri Surabaya ([sulistianawati@mhs.unesa.ac.id](mailto:sulistianawati@mhs.unesa.ac.id))

**Abstrak**

Naskah *KMN* minangka objek panliten nuduhake sesambungan intertekstual, yen dideleng saka irah-irahane karo buku *Isra' Mi'raj*. Buku kasebut gabungan kitab klasik Arab kang *ditarqiq*, anggitane Ibnu Hajar al-Asqalani lan Imam as-Suyuthi. Prakara kang dadi undheran panliten, yaiku (1) Kepriye deskripsi naskah *KMN* lan suntingan teks; (2) Kepriye isi sajrone naskah *KMN* lan buku *Isra' Mi'raj*; lan (3) Kepriye sesambungan intertekstual naskah *KMN* lan buku *Isra' Mi'raj*. Adhedhasar undheran ing ndhuwur, panliten iki nduweni tujuwan kanggo: (1) Ngandharake deskripsi naskah *KMN* lan suntingan teks; (2) Ngandharake isi sajrone naskah *KMN* lan buku *Isra' Mi'raj*; lan (3) Ngandharake sesambungan intertekstual naskah *KMN* lan buku *Isra' Mi'raj*.

Panliten iki nggunakake metode dheskriptif kualitatif komparatif. Sumber dhata arupa naskah *KMN* lan buku *Isra' Mi'raj*. Panliten iki nggunakake pamawas filologi kanggo nganalisis kahanan fisik naskah sarta kritik teks. Sabanjure isi naskah banjur ditafsirake nggunakake metode *hermeneutika*. Banjur analisis intertekstual dening Julia Kristeva, digunakake kanggo ngoleki sesambungan antarane kekarone objek panliten. Pungkasane ngandharake asile panliten sacara deskriptif komparatif nuduhake aspek prabeda lan pamadha.

Asile panliten saka naskah *KMN* kanthi nomer inventarisasi 20.128/M iki ngenani lelampahan dimensi wektu yaiku *Isra' Mi'raj*. Sesambungan intertekstual kekarone objek panliten nduweni prabeda lan pamadha, nanging akeh nuwuhake prabeda. Prabeda kayata nuduhake: gegambaran burraq, Baitul Maqdis, panggonan malekat lan nabi, mukjizat uga gegambaran siksa tumrap wong kang zina, fitnah, nyolong lan ora gelem zakat. Uga katon yen naskah ngluwih-luwihake kandungan isi saengga mujudake tuwuhe negasi. Negasi kayata: riwayat kaluwarga digambarake istana sentris, gegambaran siksa, lan mukjizat. Naskah *KMN* ora pikantuk daya pangaribawa kang gedhe saka buku. Mula Buku kritik bisa wae minangka hipogram nanging ora bisa sinebut hipogram.

**Tembung Wigati: Kitab Mi'raj Nabi, Negasi, Intertekstual.**

**PURWAKA**

**LELANDHESAN PANLITEN**

Sastra minangka asil daya cipta, kreativitas, lan imajinasine pangripta. Karya sastra uga minangka wujud saka komunikasi antarane karya, pangripta lan pamaos (Ratna, 2011:297). Lumantar sastra, panulis bisa medharake apa kang dirasakake lan apa kang dipikirake kang sinebut *imajinasi* pangripta. Senadyan sastra lair saka imajinasine pangripta, nanging ing njerone ngandhut nilai-nilai, kayata nilai moral, nilai agama, nilai sosial lan nilai budaya kang bisa didadekake pedhoman panguripane manungsa.

Manungsa nduweni daya pamikir kang saya suwe tansah ngremba kairing pangrembakan jaman. Bab iki uga kang njalari pangrembakan ing jagading kasusastran, mligine kasusastran Jawa. Salah siji jinise kasusastran Jawa yaiku ana sastra Jawa pesisiran. Sastra Jawa pesisiran mujudake ekspresi sastra kang tuwuh ing dhaerah pesisir lor pulo Jawa, mligine ing dhaerah

Tuban, Gresik, lan Surabaya. Asil saka kesastraan Jawa pesisir durung akeh kang diweruhi manungsa.

Panliten ngenani naskah iki isih kurang lan perlu dilakokake kanthi tumemen, supaya bisa digunakake dhasar panliten sabanjure. Naskah minangka salah sawijining warisan budaya bangsa kang isih ana nganti saiki. Sajrone studi filologi diweruhi istilah teks lan naskah. Teks ateges muatan isi naskah, kang ngandhut ide-ide lan amanat saka crita. Diwedharake pangripta kanggo para pamaca supaya weruh alur carita, gaya basa, watak lan sapanunggale. Naskah yaiku arupa tulisan tangan, kang nyimpen maneka warna panemu lan pangrasa minangka salah sawijining asile budaya jaman biyen (Baried, 1985: 54). Naskah nusantara akeh nggunakake tema kang wigati, kayata kadadeyan sejarah, kawruh, agama, kesehatan, arsitektur lan sapanunggale.

Naskah kang kalebu kasusastran Jawa Pesisiran nduweni *genre* sastra awujud tembang lan gancaran. Salah sawijine jinis karya sastra Jawa Pesisiran kang wujud tembang macapat yaiku naskah kitab *Mi'raj Nabi*. Naskah kitab *Mi'raj Nabi* utawa bisa sinebut *KMN*

iki minangka salah sijine naskah Jawa kang kagolong klasifikasi agama, mligine agama Islam. Agama kang nduweni daya pangaribawa kang gedhe ing pesisir Jawa yaiku Agama Islam. Agama Islam nduweni akeh cerita kang bisa paring patuladan maring para umat Islam kabeh. Carita bisa awujud fiksi lan non fiksi.

Crita kang gegayutan karo objek panliten yaiku isra' mi'raj utawa lelampahan dimensi wektu, kang ditindakake nabi Muhammad sajrone naskah *KMN*. Lelampahan isra' mi'raj ateges lelampahan kang ditindakake Nabi Muhammad nalika malem 27 Rajab taun kaping 12 saka kenabian yaiku ing taun 622 Masehi. Wiwit Masjidil Haram ing Mekah nganti Masjidil Aqsa ing Palestina. Tekan Masjidil Aqsha munggah menyang langit sepisan nganti langit sap pitu tiba ing *Sidratul Muntaha* kanggo netepi timbalaning Gusti Allah. Pungkasane laku kanjeng Nabi pikantuk parentah sembahyang limang wektu. Sajrone lelampahan nabi uga meruhi kahanan endah lan kadadayan kang nggegiris ati, kayata siksa tumrap pawongan kang mungkar lan keji.

Adhedhasar crita kang nyaritakake ngenani isra' lan m'raj naskah, mula panliti kepingin meruhi teks sastra liya kang uga nduweni pamadha karo naskah *KMN* iki. Ora liya panliti bakal nggunakake buku kritik kang isine kumpulan hadis ngenani isra' mi'raj. Buku *Isra' Mi'raj* iki minangka gabungan saka rong kitab klasik yaiku *al-Ayah al-kubra fi Syarh Qishshah al-isra* anggitane Jalaluddin as-Suyuthi lan *al-isra wa al-mi'raj* anggitane Ibnu Hajar al-Asqalani. Buku iki minangka kasil gabungan rangkuman kang di tarqiq klawan Abu Abdillah al-Qadhi. Ing Indonesia kitab iki kasimpen ing perpustakaan Nasional RI, banjur diterjemahake basa Indonesia lan diterbitake Qisthi Press Jakarta. Sesambungan kang mujudake pamadha lan prabeda ing ndhuwur bakal ditintangi nggunakake tintingan intertekstual.

Intertekstual bisa ditegesi minangka sesambungan antarane teks siji lan sijine. Nurgiyantoro (2009:50) ngandharake yen kajian interteks minangka tetandhingan saperangan teks sastra kang dirasa nduweni wujud sesambungan tartamtu. Studi interteks ora mung mangerteni teks saka isi nanging uga saka aspek prabeda lan sejarah teks. Aspek sejarah ing kene bakal nuduhake tuwuh bab kang nyimpang utawa sinebut negasi. Ora mung nuwuhake *negasi* ning bisa *afirmasi* kekarone teks kasebut. Fokus studi interteks nengenake sastra kang nduweni pangaribawa utawa mangaribawani sastra liyane. Uga nuduhake hipogram lan teks transformasi, jalaran sawijining teks ora bisa madheg dhewe. Nanging bisa wae buku kritik minangka hipogram, nanging sejatine buku kritik iki ora bisa sinebut hipogram.

Metode kang luwih cocok digunakake ing panliten iki yaiku metode *hermeneutika*. Metode iki trep yen

digunakake kanggo napsirake naskah kang nyaritakake crita agama Islam. Metode iki kanggo nginterpretaseake teks supaya isine gampang dimangerteni. Anane *interpretasi* utawa tafsiran amarga subjek utawa panliti nduweni pamawas kang beda siji marang liyane. Pamawas kang menahi pawarna iki nuwuhake maneka warna tafsiran sajrone panguripane manungsa kang nambahi kualitas estetika, etika lan logika. Napsirake isi lan menahi makna kanthi gamblang sajrone naskah *KMN* iki uga kandungan isi sajrone buku karyane Ibnu Hajar al-asqalani. Adhedhasar sakabehing andharan ing ndhuwur panliten iki kababar kanthi irah-irahan "*Kitab Mi'raj Nabi (Tintingan Intertekstual)*".

#### UNDHERANE PANLITEN

Adhedhasar landhesane panliten ing ndhuwur, mula undheraning rembug sajrone panliten iki yaiku:

- 1) Kepriye *dheskripsi* Naskah lan Suntingan Teks?
- 2) Kepriye isi sajrone naskah *KMN* lan isi sajrone buku *Isra' Miraj* ?
- 3) Kepriye sesambungan Intertekstual lelampahan isra' mi'raj sajrone naskah *KMN* lan buku *Isra' Miraj* ?

#### TUJUWAN PANLITEN

Adhedhasar landhesane panliten lan undherane panliten ing ndhuwur, mula kang dadi ancane panliten iki yaiku:

- 1) Ngandharake *dheskripsi* Naskah lan Suntingan Teks.
- 2) Ngandharake isi sajrone naskah *KMN* lan isi sajrone buku *isra' miraj*.
- 3) Ngandharake sesambungan Intertekstual lelampahan isra' miraj sajrone naskah *KMN* lan buku *isra' miraj*.

#### PAEDAH PANLITEN

- 1) Tumrap panulis : Bisa nambahi kawruh ngenani teori sastra mligine teori intertekstual, uga bisa nuwuhake rasa pepinginan kanggo mangerteni sastra Jawa lan Sastra Indonesia.
- 2) Tumrap Pamaca : Bisa menahi kawruh, uga nuwuhake pepinginan kanggo kawula muda nambah minat maca lan ngapresiasi karya sastra.
- 3) Tumrap Panliten liyane: Panliten bisa aweh wawasan sastra lan ngrembakake khasanah panliten sastra Jawa saengga bisa menahi paedah kang migunani tumrap pangrembakan sastra Jawa.

#### WEWATESANE TETEMBUANGAN

Sajrone panliten iki nggunakake tetembungan kang ana gegayutane karo andharan kang bakal dijlentrehake. Tetembungan mau digunakake supaya para

pamaca nduweni pamawas kang padha tumrap samubarang kang bakal diandharake kanthi rowa lan rinci sajrone panliten iki. Tetembungan kasebut kayata:

Naskah :Kabeh tulisan tangan tetinggalane wong jaman biyen kang tinulis ing kertas, lontar, kulit kayu, lan rotan (Djamaris,2002: 3).

Intertekstual :Telaah karya sastra tulis kang bisa nduweni objek luwih saka siji, lan nduweni ancas kanggo ngaweruhi pepadhan utawa pambada kang ana sajrone karya sastra (Pradopo, 2013:167).

Hipogram :Kang dadi modal utama sajrone sastra kang bakal nglairake karya anyar sabanjure(Riffaterre, 1978:23).

Isra' Mi'raj :Lelampahan wayah wengi ing malem 27 Rajab saka Masjidil Al-Haram Mekah menyang Masjidil Al-Aqsha Palestina, banjur munggah andha kapisan nganti andha kaping pitu, tiba ing Sidratul Muntaha pungkasan laku kapanggih klawan Gusti Allah antuk parentah sembahyang limang wektu (HR Bukhari & Muslim).

## METODHE PANLITEN

Panliten iki saliyané nggunakake metode tafsiran kanggo nuduhake isi naskah uga nggunakake metode deskriptif kualitatif komparatif. Panliten kualitatif nduweni tujuan mujudake sawijine dheskripsi, gambaran kanthi sistematis, nyata lan akurat ngenani fakta-fakta, sipat sarta gegayutan karo pangripta kang ditindingi (Nasir, 1988: 63). Sajrone panliten iki nggunakake metode dheskriptif kualitatif komparatif kanggo nuduhake aspek prabeda lan pamadha saka kekarone objek panliten. Asile panliten awujud dheskriptif basa kang awujud tembung lan ukara.

## SUMBER DHATA LAN DHATA

Sumber data ing panliten iki yaiku naskah kitab sastra Jawa pesisiran kanthi irah-irahan naskah *KMN* kang awujud tembang macapat. Nduweni nomer inventarisasi naskah yaiku 20.128/M. Naskah iki kasimpen ing Museum Mpu Tantular Jl. Buduran Sidoarjo Jawa Timur. Kahanane naskah lumayan apik lan

isih bisa kawaca kanthi cetha. Bahan kang digunakake naskah iki arupa dluwang polos tanpa *watermark*. Naskah *KMN* diserat dening Pak Sarub ing dusun Pitang, desa Lancar Kecamatan Larangan Kabupaten Pamekasan.

Panliten iki saliyané migunakake naskah kanggo objek utama uga sumber nuduhake isi saka buku *Al-Isra Al- Miraj* anggitané Ibnu Hajar al-asqalani lan Imam Suyuthi. Buku iki uga minangka gabungan saka rong kitab klasik yaiku *al-Ayah al-kubra fi Syarh Qishshah al-isra* anggitané Jalaluddin as-Suyuthi lan *al-isra wa al-mi'raj* anggitané Ibnu Hajar al-Asqalani. Buku iki minangka terjemahan saka kitab klasik ing ndhuwur. Diringkes banjur diterbitake Qisthi Press Jakarta. Buku *isra' mi'raj* iki asline minangka katalog sajrone terbitan kang diduweni perpustakaan nasional RI. Buku asline nduweni irah-irahan *al-isra wa al-mi'raj* ditulis taun 1409H Jumadil Akhir.

## TATA CARA PANGLUMPUKANE DHATA

Tata cara pangumpulan dhata kang digunakake ing panliten iki yaiku *teknik pustaka*. Teknik pustaka minangka teknik pangumpulan dhata kang nggunakake sumber dhata kang katulis (kapustakan). (Endraswara 2008, 162-163) merang tata cara ngumpulake dhata panliten iku ana telu, yaiku:

- (1) Nemtokake Dhata  
Sakabehing dhata kang dikumpulake banjur diperang dadi loro yaiku dhata sekunder lan dhata premir. Dhata premir awujud naskah *KMN* lan dhata sekunder yaiku dhata-dhata kang laras karo kandungan isi ngenani lelampahan *isra' mi'raj*.
- (2) Nyathet Dhata  
Nyathet dhata kanthi cara (1) latiyen kanthi bener supaya nyatet kanthi tliti, (2) nyathet bab-bab kang nuduhake lelampahan *isra' lan mi'raj*, (3) nyathet tembung kang ora dimangerteni.
- (3) Menehi Tandha Ing Dhata  
Menehi tandha ing dhata yaiku kanggo mbedakake dhata kang kalebu kadadayan lan kahanan sajrone *isra' lan mi'raj*, uga dhata saka suntangan teks. Tandha ing dhata iki supaya nggampangake panliti anggane nindakake panliten. Tandha-tandha kang digunakake kayata:
  - a. Tandha werna abang digunakake kanggo nengeri tembung-tembung kang durung dimangerteni.
  - b. Tandha werna kuning kanggo nengeri suntangan teks.
  - c. Tandha werna ijo kanggo nengeri ukara kang ngandhut ngenani lelampahan *isra lan mi'raj*.

## TATA CARA PANGOLAHE DHATA

Teknik analisis dhata nduweni tujuan kanggo nyederhanakake dhata kanthi wujud kang luwih gampang diwaca lan diandharake (Moleong, 2006:280). Panliten



iki ngunakake metode *hermeneutika* kanggo napsirake sakabehe kang ana sajrone naskah *KMN*. Tata carane pangolahe data kaya ing ngisor iki:

1) Deskripsi lan Isi naskah

Metode kang digunakake ing panliten iki yaiku deskriptif. Deskripsi naskah ngandarake bab kang gegayutan karo naskah kayata cacahé naskah, kang nduweni naskah, panggonan nyimpen naskah, kahanan, karakteristik, irah-irahan, nomer lan liya-liyane kang ana sajrone naskah kasebut (Purnomo, 2007:56).

2) Transliterasi Naskah

Transliterasi naskah ditindakake kanggo ngenalake teks-teks kang ditulis nggunakake aksara Arab pegon supaya dimangerteni masyarakat ing bebrayan agung. Transliterasi iki mung kanggo mindhah lan ngganti aksara-aksara lawase wae, nanging uga kanggo ngganti aksara tertamtu supaya bisa dimangerteni kanthi gamblang. Transliterasi yaiku ngganti jenise tulisan, aksara mbaka aksara, saka abjad siji mbaka abjad liyane. Tujuwane kanggo nuduhake teks-teks sajrone naskah kang durung diweruhi lan dimangerteni masyarakat modern (Purnomo, 2007: 35-36).

3) Nyunting Teks Naskah *KMN*

Suntingan naskah yaiku perangan ilmu filologi kang digunakake kanggo nyepakake naskah kang dianggep bisa makili edhisi ilmiah teks (Purnomo, 2013:24). Suntingan teks ing panliten iki nggunakake prinsip filologi modern. Naskah ditliti tanpa mbandingake karo naskah liyane. Jalaran panliten iki ora nengenake naskah kang nyedaki asline. Suntingan teks sajrone panliten iki nggunakake edhisi diplomatik, teks disunting kanthi apa anane tanpa ngowahi ejaan, panyaru ngenani kekliruwan-kekliruwan teks. Teks kang ngalami owah-owahan kasebut banjur dicathet lan diwenehi panyaru ing aparat kritik, saengga bisa ditapsirake dening pamaos. Aparat kritik minangka cathetan kritis ngenani teks kang ditliti.

4) Ningtingi data Intertekstual sajrone naskah lan buku kritik

Sajrone nitingi ngenani lelampahan isra' mi'raj sajrone naskah lan buku nggunakake teknik *axial coding* utawa merang. Bab kang gegayutan karo lelampahan isra' mi'raj diwenehi kode lan dideskripsike banjur dianalisis. Lelampahan Isra Miraj kalebu bab kang dhasar ing naskah *KMN* iki, merga naskah iki nyaritakake kadadeyan nalika nabi hijrah saka Masjidil Aqsha menyang sidratul muntaha nganti munggah langit kaping 7 nyedaki panggonane lan ngadhep ing ngarsane Gusti Allah. Pungkasane lelampahan kasebut antuk parentah sembahyang limang waktu sedina sawengi saka Gusti Allah (Alhamid, 198:148: Depag RI, 1989:74). Mula isi saka isi naskah iki memper karo buku kritik kumpulan hadis kang ngrembug perkara isra' mi'raj. Sajrone

analisis intertekstual ora mung analisis isi lan makna uga nuduhake anane afirmasi lan negasi.

5) Menehi dudutan saka asile kumpulan data

Dudutan minangka bab kang pungkasan ing sawijine panliten. Dudutan iki kanggo luwih negesake marang pamaos bab-bab kang wigati kang dadi rembugan ing kene. Mligine dudutan bab lelampahan isra' mi'raj saka naskah lan buku anggitané Ibnu Hajar al-Asqalani kasebut. Nuduhake bab kang padha lan beda ngenani lelampahan isra' mi'raj kang ditindakake nabi Muhammad SAW.

## ANDHARAN PANLITEN

### DESKRIPSI NASKAH *KMN* LAN SUNTINGAN TEKS

Naskah *KMN* kang dadi objek panliten iki asale saka Museum Mpu Tantular jl. Siwalanpanji Kecamatan Buduran Kabupaten Sidoarjo. Naskah kang kapilih dadi objek sajrone panliten iki yaiku naskah kang nduweni nomer Inventarisasi 20.128/M. Naskah *KMN* iki nyaritakake ngenani lelampahan isra' mi'raj nabi Muhammad SAW. Kahanan naskah isih katon apik tulisane bisa kawaca, tintane ireng mandhes, werna kertase rada kuning soklat. Nanging samak ngarep lan mburi ora asli, wis diganti Museum samak kandel werna ijo supaya luwih awet.

Naskah nduweni 89 kaca lan 15 pupuh, cacahé larik saben kaca ana 15. Aksara kang digunakake sajrone naskah yaiku Arab pegon lan basa Jawa anyar uga saperangan tembung kawi, tembung Madura lan tembung Arab. Pawongan kang darbe naskah nanging dudu minangka panulis naskah asmane Bapa Ismail minangka polisi Pitang Lancar Madura.

Panulis lan wektu panulisan ditulis ing bageyan pambuka utawa ngarep. Kanthi sinurat awujud sandhi asma panulis nyebutake jenenge, yen wektu panulisan naskah dituduhake kanthi gamblang. Naskah *KMN* kang ngandharake panulis lan wektu panulisan naskah dituduhake kaya pethikan ing ngisor iki:

//wastane ingkang anulis/  
wonten aksara titiga/  
dene **sin patah** panggone/  
kapindhone **rok kang dumah**/  
ping tiga **bak** hurup/  
jeneng sukun kang kawuwus/  
punika aran kang nyata//  
(Pupuh I, pada 5)

//kawitane kang tinulis/  
ing **dina jumat** kawarna/  
ing wektu **ashar** kawuwus/  
panca warnane iku/  
ing **wulan rebo** ika/  
**dua welas** tanggalipun/  
**Jimakhir** taunipun// (Pupuh I, pada 3)

Pethikan naskah kasebut nuduhake jeneng panulis kanthi nggunakake sandi asma. Tembung Arab sin patah kalebu sawijining hurup hijaiyah kang kawaca “sa”, rok kang dumah uga hurup hijaiyah kawaca “ru”, bak minangka hurup hijaiyah kawaca “ba”. Jeneng panulis bisa diweruhi yen reroncene tembung kasebut digandeng. Tembung “jeneng sukun” ateges tandha mati kang manggon sak ndhuwure hurup hijaiyah. Saka katrangan sandi asma ing ndhuwur digandeng asmane dadi “Sarub”.

Naskah iki katulis ing dina Jumat, wektu Ashar, dina Rebo, wulan Ba'da Mulut, tanggal rolas, ing taun Jimakhir. Sajrone pethikan kasebut disebutake wulan rebo, yen dideleng ora ana wulan kang kaaran rebo, banjur yen diowahi dina uga ora gathuk. Amerga gatra sadurunge wis dituduhake dinane, yaiku dina jum'at. Mbok menawa iku minangka wulan kapapat dietung saka dina ngahad, senen, selasa, rebo, wulan kapapat ana Jawa yaiku Ba'da Mulut.

Saben naskah sadurunge diinventarisasi menyang Museum mesthi nduweni wong kang darbe. Nadyan wong kasebut ora minangka pawongan kang nulis naskah. Kayata sajrone naskah *KMN* iki diduweni pawongan asal saka papan panggonan panulisan naskah yaiku ing Madura. Pethikane pawongan kang darbe naskah kaya pethikan ing ngisor iki:

//giryani pun kang anulis/  
ing dusun lanjar punika/  
ing mekasan nagarine/  
arikala kang angripta/  
kang wonten pasucian/  
ing panjalin padhusun/  
ing mekasan negaranya//  
(Pupuh I, pada 4)

Pethikan kasebut nuduhake menawa papan panggonan kang dipilih panulis yaiku papan panggonan kang suci. Panggonan kasebut ana ing dhusun Lancar, ing negara Mekasan samenika bisa sinebut Kabupaten Pamekasan. Dhusun kasebut panggonane ana ing panjalin negara Mekasan. Kabupaten pamekasan ana ing pulo Madura.

#### SUNTINGAN TEKS

Suntingan teks minangka tumindak nyunting utawa nyiapake naskah kang wis siyap diterbitake. Kudune perlu nggatekake perangan sistematika penyajian utawa tata cara nyuguhake isi lan basa kang digunakake sajrone naskah kang nduweni gegayutan karo ejaan, diksi lan aspek struktur. Sawise ngadani transliterasi naskah *KMN* iki banjur teks, tembung, tandha pada, lan titik kang luput sarta kang kurang cundhuk karo paugeran kang gumathok, mula bakal disunting.

#### ISI NASKAH *KMN* LAN BUKU *ISRA' MI'RAJ*

Kekarone objek panliten naskah lan buku *isra' mi'raj* mi'raj nyeritakake ngenani lelampahan *isra' mi'raj*. *isra'* miturut basa ateges lelampahan ing wektu wengi. Nadyan miturut istilah ateges lelampahan nabi Muhammad saw ing wayah wengi saka Masjidil Haram ing Mekah nganti Masjidil Aqsha ing palestina nggunakake tetunggangan burraq. Tanggal 27 rajab dina senin, taun 12 kenabian yaiku 622M, setaun sadurunge nabi hijrah. *Mi'raj* miturut basa ateges andha, yen miturut istilah ateges lelampahan nabi Muhammad saka Masjidil Aqsha nganti munggah langit tekan *sidratul muntaha* nganti papan panggonan paling dhuwur nyedhak klawan Gusti Allah. Banjur antuk mukjizat parentah sembahyang limang wektu.

Buku kritik kanthi irah-irahan *isra' mi'raj* minangka gabungan saka rong kitab klasik yaiku *al-Ayah al-kubra fi Syarh Qishshah al-isra* anggitanane Imam as-Suyuthi lan *al-Isra wa al-Mi'raj* anggitanane Ibnu Hajar al-Asqalani. Saka kekarone kitab klasik kuwi banjur diringkes utawa ditahqiq dening Abu Abdullah al-Qadhi dadi sawijining buku kanthi irah-irahan *al-Isra' wa al-Mi'raj* ing taun 1409H terbitan Alazhar Press. Buku iki wiwitane minangka katalog sajrone terbitan (KDT) kang kasimpen ing Perpustakaan Nasional RI. Disalin utawa diterjemahke sajrone edisi basa Indonesia dening Arya Noor Amarsyah lan diterbitake dening Qisthi Press Jakarta. Cetakan kapisan taun 2008, cacah kaca ana 200 kaca kanthi ukuran 13,5 x 20,5 cm.

Isi naskah *KMN* ing kene bakal diwedhar kanthi telung perangan kayata: (1) crita wiwitan ngenani riwayat bapa lan biyung, mangsa kelairan lan wayah nabi isih bocah lan wayah nabi dewasa, (2) lelampahan *isra'* (gegambaran wujud fisik lan sipat burraq, baitul maqdis lan bejana arak susu), (3) lelampahan *Mi'raj*, (4) crita pungkasan ngenani kahanan swarga lan neraka, sarta nalika nabi mbalik ing ngalam donya. Isi sajrone buku kritik bakal diandharake dadi limang perangan yaiku: pembedahan dhadha nabi, *isra'*, *mi'raj*, kahanan ing langit pitu lan antuk parentah sembahyang. Sakabehe isi naskah diandharake kanthi cara nggunakake metode hermeneutik.

Sajrone naskah lelampahan *isra'* wiwitan dirembug ngenani gegambaran fisik lan sipat burraq. Burraq digambarake kaya dene setengah manungsa lan kewan. Gegambaran wujud manungsa ing bagean pasuryane, yen gegambaran wujud kewan ing bagean awake. Kaya mangkene pethikane:

//gagetun sajeroning ati/  
angulati paksi dakba/  
kalangkung dene baguse/  
amuka kadi manungsa/  
badan kadi turangga/  
ajalu lir sawung jalu/

*angelar kadi garudha// (Pupuh I, pada 64)*

Pethikan ing ndhuwur ngandharake yen ana rasa gumun sajroning manah nabi Muhammad. Nalika nabi nyawang burung dakba, kang pinunjul baguse. Wujud pasuryan kaya dene manungsa, awak kaya dene jaran, gulu kaya dene jalu lan elar kaya dene manuk garuda.

Adhedhasar andharan kasebut panulis naskah ngambarake wujud burraq kaya dene manungsa lan kewan paksi. Sinebut sajrone naskah 'paksi dakba' sejatine kurang trep, mula luwih bener paksi dabbah. Dabbah ora mung sewates kewan melata ning makhluk cinipta saka Gusti Allah, manggon ing alam ruwang lan wektu. Burraq utawa dabbah katon bagus utawa luhur pasuryane kaya manungsa, dedege kaya jaran kang gedhe dhuwur, gulune kang dawa, lan elar kaya paksi garuda. Panganggone manuk garuda minangka pralambang 'dewa paksi' sajrone crita ing jaman kuno masyarakat Jawa.

Lelampahan mi'raj yen dinalar pancen ora bisa dijangkah pamawas manungsa. Sejatine laku mi'raj iki kanggo nuduhake derajat kaluhuran sarta pambukten yen kanjeng nabi minangka kakasih Gusti Allah.

Gegambaran andha langit nduweni kaendahan tanpa tetandhingan awit tumancep ing lemah nganti tekan pucuking langit sap pitu. Kaendahan saben sap langit tansah gumebyar jalaran ginawe saka emas lan perak. Nabi Muhammad wiwit munggah mi'raj dikancani klawan malekat Jibril. Pranyata sinebut sajrone naskah yen nabi Muhammad minangka nom-noman kang kawitan munggah sap langit. Sadurunge tekan sap langit kapisan, nabi meruhi kahanan segara ijo. Segara kang amba lan jero, sarta nduweni banyu bening werna ijo.

Sap langit kapisan nabi klawan malekat Jibril kapanggih klawan malekat kang atunggu lawang, kawastanan malekat Ismail. Sadurunge lawang langit dibukak luwih dhisik Jibril njaluk lawang dibukak kanthi cara ngetab. Ismail takon klawan Jibril sadurunge mbukak lawang. Jibril mangsuli yen Muhammad pikantuk parentah ngadhep ing ngarsane Gusti. Kaya mangkene pethikane:

*//sampun melu njaluk lawang/  
ulun pan anjaluk kori/  
Jabroil alun sabdanya/  
maring kang atunggu kori/  
sarya angetab kuri/  
ingsun pan anjaluk lawang/  
sampun alawas2/  
age wenganana kori/  
kang tunggu lawang tumuli angungkap// (Pupuh II, pada 6)*

*//malaikat atunggu lawang/  
wastani malaikat Ismail/  
tan lawas nahuri sabda/  
sapa ingkang njaluk kori/*

*lan sapa rewang niki/  
Jabroil alun amuwus/  
Jabroil araning wong/  
Kingkin<sup>23</sup> kang murbeng bumi/  
pan ngundang kakasih Nabi panutan// (Pupuh II, pada 7)*

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen Jibril kang njaluk marang malekat kang atunggu lawang langit sap pisan, supaya dibukakna lawang. Jibril angetab kori banjur ngendikan marang malekat yen wis suwe Jibril anggone njaluk kori supaya dibukak. Pethikan sabanjure nuduhake menawa malaikat kang atunggu lawang jenenge malekat Ismail. Ismail takon klawan malekat Jibril sapa rewangipun. Jibril mangsuli yen nabi Muhammad utusan kang pikantuk undhangan kapanggih klawan Gusti Allah.

Adhedhasar andharan kasebut dirasa ana bab kang kurang trep, kayata Jibril kang ngetab lawang, jeneng Ismail, lan pitakonan malekat atunggu lawang. Sejatine ing langit ora ana lawang kang bisa dituthuk, jalaran lawang langit ora awujud barang. Yen diwawas kanthi *logika* Jibril asring bola-bali nggawa wahyu saka Gusti, mesthi kabeh malekat padha weruh lan ora perlu Jibril nuthuk lawang lan njaluk izin saben nindakake jejibahane. Jeneng malekat atunggu lawang yaiku malekat Ismail, bisa wae panyalin naskah nambahi kanggo variasi. Pranyata jeneng malekat ora ana kang Ismail. Mula jeneng Ismail bisa wae pikantuk saka pawongan kang nduweni naskah iki, yaiku bapa Ismail polisi Pamekasan. Pitakonan saka Ismail marang Jibril "sapa ingkang njaluk kori, lan sapa rewang niki?". Pitakonan kasebut ora sah lan kliru yen dikocapake, jalaran malekat kang cedhak klawan Gustine mesthi meruhi yen nabi Muhammad minangka rosul Allah.

## INTERTEKSTUAL NASKAH KMN LAN BUKU ISRA' MI'RAJ

Saka bab kang selaras kuwi mujudake sesambungan intertekstual antaran naskah *KMN* lan buku *Isra' Mi'raj*. Dideleng saka irah-irahan lan taun panulisan minangka dhasar miwiti panliten Intertekstual iki, kaya dituduhake tabel ing ngisor iki:

**Tabel 5.1 Aspek Intertekstual KMN lan Buku Isra' Mi'raj**

Aspek	KMN	Isra' Mi'raj	Katrangan
Irah-irahan	<i>Kitab Mi'raj Nabi</i>	Buku Isra' Mi'raj	<i>KMN</i> ditulis nggunakake basa Jawa yen buku <i>Isra' mi'raj</i> nggunakake basa Indonesia.



			Nduweni teges kang padha yaiku lelampahan isra' mi'raj kang ditindakake kanjeng nabi Muhammad s.a.w.
Taun Panulis an	Dina Jum'at tanggal 12, wulan Ba'da Mulut taun Jimakhir.	Kekarone kitab klasik Arab anggitané Ibnu Hajar al-Asqalani lan Imam as Suyuthi diripta taun 1407H lan 1408 H banjur di tarqiq taun 1409 H utawa 1978M.	Taun panulisan naskah <i>KMN</i> ora dituduhake sajrone naskah, mung wae ing manggala kaserat wektu panulisan kuwi. Buku isra' mi'raj minangka terjemahan saka kitab Arab ing taun 1409H. Dene kang paling tuwa yaiku buku isra' mi'raj kanthi dhasar hadis sahih kang otentik.

Saka tabel ing ndhuwur pamaca bisa mangerteni yen naskah *KMN* lan buku *Isra' mi'raj* saperangan wae nuduhake sesambungan. Mula sub bab iki bakal ngrembug intertekstual saka naskah lan buku kritik kasebut. Saperangan pamdha kang mujudake afirmasi uga prabeda lan negasine. Sejatine kitab klasik Arab kang diterbitake dadi buku kritik iki ora bisa sinebut hipogram. Jalaran basa kang digunakake uga aspek historis nuduhake pambeda. Aspek historis, kultur budaya antarane wilayah Jawa lan Arab beda adoh.

#### A. Lelampahan Isra'

Sub bab kang kaandharake wiwitan ngrembug lelampahan Isra' iki bakal nuduhake sakabehe perangan kang wigati sajrone *KMN* lan buku *Isra' Mi'raj*. Perangan kuwi kayata: Pembedahan dhadha nabi, wektu lan panggonan isra', gegambaran burraq, tekan ing Baitul Maqdis lan nuduhake bejana arak lan susu. Sakabehe perangan saka lelampahan isra' kuwi bakal dijlentrehake ing ngisor iki antara prabeda, bab kang selaras lan anane negasi kang tuwuh antara kekarone.

#### 1. Pembedahan dhadha nabi

Nuduhake pambeda antarane naskah lan buku. Sejatine riwayat pembedahan dhadha nabi iki kalebu wigati lan perlu diandharake yen ngrembug lelampahan isra' mi'raj. Panganggone baskom emas lan zam-zam kang ngalirake iman lan hikmah kanggo sarana sesuci. Tujuanipun supaya nabi siyap anggane cecaturan klawan Gusti Allah. Luwih gamblang ngenani pembedhan dhadha nabi mligine arep nindakake isra' kaya dituduhake pethikan hadis riwayat Bukhari ing ngisor iki:

Setelah bagian dalam dada Rasulullah dikosongkan, Jibril mencucinya dengan air zam-zam. Kemudian Jibril membawa baskom emas berisi iman dan hikmah, mengalirkan keduanya kedalam dada nabi Muhammad. (*Isra' mi'raj* 2010:10)

Terjemahan:

*Sawise bageyan njero saka dhadha rosul kothong, Jibril nyucekake dhadhane kanthi nggunakake banyu zam-zam. Banjur Jibril nggawa sawijining baskom emas kang isine iman lan hikmah, ngalir kekarone sajrone dhadha kanjeng nabi Muhammad.* (*Isra' mi'raj* 2010:10)

Pethikan ing ndhuwur asale saka buku *Isra' mi'raj* kang nuduhake proses pembedahan dhadha nabi. Sadurunge nabi Muhammad nampa mukjizat lan nindakake lelampahan isra' luwih dhisik dhadhane kanjeng nabi dibedah. Malekat Jibril kang mbedah dhadha rosul kanthi nggunakake piranti baskom emas lan banyu zam-zam. Baskom kang isine ngalir iman lan hikmah kuwi kanggo sarana sesuci.

Sajrone *KMN* ora nuduhake anane pembedhan dhadha nabi sadurunge lelampahan isra'. Mula saka kuwi bisa diweruhi yen ana pambeda ing bageyan isi antarane *KMN* lan buku *Isra' mi'raj*. Riwayat pembedahan dhadha nabi Iki kalebu wigati lan kudu diandharake yen ngrembug isra' mi'raj. Jalaran saka proses kuwi mujudake hikmah tumrap nabi Muhammad. Supaya nabi luwih siyap cecaturan sacara langsung klawan Gusti Allah. Hikmah kuwi kaya dene disebutake riwayat Abu Nu'aim sajrone bukune *ad-Dala'il*.

#### 2. Wektu lan panggonan Isra'

Antarane naskah lan buku nuwuhake afirmasi panuduhan dina, tanggal lan panggonan. Dina senin tanggal 27 setaun sadurunge nabi hijrah wiwit Masidijil Haram ing Mekah nganti Masjidil Aqsha (Baitul Maqdis). Panulis nuduhake "Maqbul Muqsar" minangka pralambang padang mahsyar ing negara Mekah. Sejatine sinebutan Masjidil Haram, sajrone naskah *KMN* digantos Maqbul Muqsar. Intinipun sami manggon ing Mekah.

#### 3. Gegambaran Burraq

Saperangan nuduhake afirmasi ing bageyan langkah burraq kaya dene kilat. Uga nuduhake pambeda kaya dene gegambaran dedege kang gedhe, wulu warna

putih, saben jangkaha nganti jarak paling adoh saka panyawange. Sejatine *burraq* mung wasilah saka Gusti kanggo nuduhake kamulyan lan kaluhuran nabi ing antarane umat panutan.

#### 4. Baitul Maqdis

Prabeda antarane naskah *KMN* lan buku *isra' mi'raj* yaiku naskah nuduhake nalika ing Baitul maqdis nabi mung ngaso saderma. Nanging ing buku sinebutake nabi nindakake sembahyang rong rokaat. Sejatine nabi durung pikantuk parentah sembahyang, nanging nindakake sembahyang. Bab iki nuwuhake polemik ing antarane ulama muslim. Sajrone *KMN* nuduhake nalika nabi tekan baitul maqdis lan tumindak kang ditindakake, kaya pethikan ing ngisor iki:

*//ya Nabi panutan amba/  
linggihen pun sadhela/  
arsa nungkem awang ingwang/  
dhumateng pada paduka/  
Muhammad datan angraksi/  
lastari ta lampahira/  
tan kocapa Nabining Yang/  
prapteng Baital Muqaddas//(Pupuh I, pedhotan  
pada 83-84)*

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen malekat Jibril kang manut marang nabi Muhammad. Jibril marentah supaya kanjeng nabi Muhammad leren sadhela, jalaran wus tekan baitul maqdis. Nabi Muhammad nuruti pituduh saka malekat Jibril.

Tumindak kang ditindakake nabi naika tekan baitul maqdis saka *KMN* iki nuduhake anane pambada karo tumindak nabi sajrone buku. Buku kasebut kang dilampahi nabi tekan baitul maqdis yaiku nindakake sembahyang rong rokaat. Panemu kuwi adhedhasar hadis sahih Muslim. Kaya mangkene pethikane:

...kemudian aku (Muhammad saw) masuk kedalam Baitul Maqdis dan menunaikan sholat dua rokaat. (*isra' mi'raj* 2010:2)

Terjemahan:

...banjur aku (Muhammad saw) mlebu ing Baitul Maqdis lan sembahyang rong rokaat katindakake. (*isra' mi'raj* 2010:2)

Pungkasane lelampahan *isra'* yaiku nalika nabi Muhammad tekan baitul maqdis ing Palestina. Adhedhasar pethikan ing ndhuwur nuduhake yen nabi Muhammad klawan Jibril tekan baitul maqdis, banjur nabi nindakake sembahyang rong rokaat.

Sembahyang rong rokaat kang dilampahi nabi ing baitul maqdis kuwi minangka pirembugan perkara ghaib. Sejatine nabi durung pikantuk parentah sembahyang nanging wis nindakake sembahyang sunnah rong rokaat kasebut. Uga nabi sembahyang dhewean utawa klawan para nabi. Adhedhasar pranyatan kuwi nuwuhake polemik tumrap warta kasebut. Nanging sikap kang perlu

dituduhake minangka umat muslim kudune nampa warta kasebut, mengimani kabeneran carita, ora nolak lan ngowahi warta kasebut miturut kasunyatane. *Wallahu a'lam*

#### 5. Bejana Arak lan Susu

Pirembugan ngenani bejana arak lan susu kang ditawarake malekat Jibril nuduhake tuwuhe *afirmasi* antara naskah lan buku. Naskah pikantuk pangaribawa saka buku menika ing bab omben-omben kang ditawarake Jibril. Wewujudan arak minangka samubarang haram kang ndadekake kagawa ing dalan sesat. Yen susu mujudake samubarang kang suci marakke manungsa fitrah.

#### B. Lelampahan Mi'raj

Sajrone pirembugan iki bakal ngandharake nganani lelampahan mi'raj sesambungane *KMN* lan buku *isra' mi'raj*. Supaya luwih gamblang jlentrehane mula diperang kaya mangkene: gagambaran andha, panggonan nabi lan malekat saben langit, mukjizat, nabi kang diajak konsultasi, pengurangan rokaat sembahyang. Kaya diandharake ing ngisor iki.

##### 1. Gegambaran Andha

*Afirmasi* tuwuh ngenani gegambaran andha langit antarane naskah *KMN* lan buku. Andha langit kagambarake pitung lapis, ginawe saka emas lan perak kang gumebyar kaendahane. Naskah pikantuk pangaribawa saka buku kang dhasare hadis riwayat Bukhari. *Wallahua'lam*.

##### 2. Panggonan Para Nabi lan Malekat

Panempatan nabi ing saben langit antarane naskah lan buku nuduhake pambada uga negasi. Sejatine kang kapanggih klawan nabi Muhammad ing langit kang aweh pepeling menika para nabi. Nanging sajrone naskah malekat ora mung nunggu lawang ning uga bisa cecaturan klawan nabi Muhammad. Ateges naskah *KMN* ora pikantuk daya pangaribawa saka buku, ning pangripta nggunakake daya imajinasi lan kretivitas.

##### 3. Mukjizat

Sajrone pirembugan ngenani mukjizat kang ditampa nabi nuwuhake pambada, saperangan afirmasi uga nuwuhake negasi. Naskah nyebutake yen mukjizat kang ditampa nabi ora mung parentah sembahyang ning uga parentah pasa. Sejatine parentah pasa nabi antuk sadurunge nabi hijrah ing taun 624M.

*Negasi* utawa bab kang nyimpang tinemu ing bab nabi kang diajak konsultasi klawan nabi Muhammad. Sajrone naskah sinebut malekat Izroil, nanging sajrone buku sinebut nabi Musa. Yen dinalar ora mungkin yen malekat Izroil kang aweh pituduh marang kanjeng nabi. Jalaran malekat Izroil jejibahane nyabut nyawane manungsa.



Naskah **KMN** ora mung nuduhake mukjizat sembahyang ning uga parentah pasa. Kaya dituduhake pethikan ing ngisor iki:

*//anjuluk sholat lan siyam ing Yang Widi/  
mapan sholat ika/  
siket waktu dina wengi/  
siyam suwarsa tri candra// (Pupuh IV, Pada 11)*

Pethikan ing ndhuwur nuduhake wahyu saka Gusti awujud parentah sembahyang seket rokaat sedina sawengi. Ora mung parentah sembahyang nanging katambahan parentah pasa telung sasi kanggo umat Muhammad.

Wahyu awujud parentah sembahyang lan pasa saka naskah **KMN** nuduhake yen ora ana sesambungan karo buku *isra' mi'raj*. Sabab sajrone buku nuduhake wahyu kang ditampa nabi Muhammad awujud parentah sembahyang wae. Kaya dene uga sinebut firman Allah sajrone Al-Qur'an lan hadis sahih muslim. Kaya mangkene pethikan saka buku:

Allah memberikan wahyu dan mewajibkan sholat lima puluh kali dalam sehari semalam untuk umat nabi Muhammad. (isra' mi'raj 2010:5)

Terjemahan:

*Allah menehi wahyu lan majibake sembahyang ping seket sedina sawengi kanggo umat nabi panutan.* (isra' mi'raj 2010:5)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake wewujudan wahyu kang ditampa nabi Muhammad saka Gusti. Wahyu sembahyang seket rokaat sedina sawengi. Sembahyang bisa ditegesi minangka sawijining ibadah nduweni kalungguhan paling dhuwur tinimbang ibadah liya sajrone agama Islam. Sembahyang minangka panyambung antarane umat lan Gustine, wujud nyata kang mbuktekake Islame manungsa.

Sakabehe andharan ing ndhuwur ngandharake yen naskah **KMN** laras karo buku *isra' mi'raj* ngenani perantah sembahyang. Nanging uga nuwuhake pambada ing bageyan tambahan arupa wahyu parentah pasa saka **KMN**. Ora mung dadi pambada nanging mujudake *negasi* saka kasil lelampahan *isra' mi'raj*. Parentah sembahyang iki asale saka lelampahan *isra' mi'raj* ing taun 622M, yaiku setaun sadurunge nabi Muhammad hijrah. Yen parentah pasa ramadhan diwajibake marang umat nabi taun 624M, yaiku setaun sawise nabi hijrah. Nadyan kalungguhan sembahyang lan pasa kekarone minangka rukun Islam, nanging ora ateges syariat sembahyang lan pasa kuwi pikantuk bebarengan. Syariat sembahyang luwih dhisik ditampa nabi kanggo para umat tinimbang parentah pasa. Sabab ibadah pasa asipat universal lan minangka ibadah kanggo nyerpernakake ibadah kang luwih dhisik ana.

### C. Kadadayan Unik Mi'raj

Kadadayan nggegiris manah kuwi dirembug sajrone naskah **KMN** uga selaras dirembug ing *buku isra' mi'raj* kayata: mangan rejekine bocah yatim, riba, fitnah marang liyan, seneng samubarang haram, lan zina. Nanging uga ana saliyane kuwi kang diandharake sajrone naskah kayata: oga gelem zakat fitrah, wanita kang ora khurmat marang sisihane, nyolong kewane liyan. Reroncene kadadayan minangka piwalesan tumindak ala manungsa, kang bakal nggawe umat nabi Muhammad tansah nganti-ati ing donyane. Sabab sakabehe tumindak ala ing ngalam donya bakal pikantuk piwalesan ing ngalam akherat kanthi wujud siksa kang keji.

#### 1. Njaluk Bandha Bocah Yatim

Siksa lan wewujudan siksa tumrap wong kang gelem karo rejekine bocah yatim antarane naskah lan buku nuwuhake afirmasi. Kekarone nggambarake siksane nggunakake geni kang mlebu ing weteng nganti selangkang manungsa. Uga salaras klawan nukilan surat An-nisa ayat 10 ngenani gegambaran siksa tumrap wong kang zhalim. Gegambaran siksa ing akherat kaya diandharake naskah **KMN**, kaya mangkene pethikane:

*//pan akuru badanira/  
kadya tan rambut puniki/  
malaikat kang angraksa/  
makhluk siji pada siji/  
sumanding widang niki/  
sakalangkung panasipun/  
dene siyuken ing cangkemnya/  
tumeka ing weteng niki/  
pan lumaris dubure pan aliwat// (Pupuh II, pada 21)*

*//tan mawi reren sakedhap/  
cinekel gulune reki/  
tangise dadi ampuhan/  
kang wadon pan anjerit/  
jaluk reren sakedhap/  
aturen maring Yang Agung/  
arsa urip kawula/  
wangsul maring donya iki/  
atubata tan arsa gilangaken arta// (Pupuh II, pada 22)*

Pethikan ing ndhuwur mujudake siksa tumrap tumindak njaluk rejekine bocah yatim. Wewujudan siksane yaiku makhluk kang ngombe banyu panas saka lambene nganti tekan wetenge metu saka dubure manungsa kuwi. Ora mung kuwi malekat nyekel gulu nganti keranta-ranta larane banjur njerit njaluk pitulungan marang Gustine. Para makhluk kang kena siksa ngrasakake yen tumindake ngilakake rejekine bocah yatim pancen ora becik. Mula padha njaluk taubat ing ngarsane Gusti kang murbeng dumadi.

Pethikan saka naskah KMN ing ndhuwur pranyata pikantuk daya pangaribawa uga nuduhake afirmasi saka pethikan saka buku *isra' mi'raj* adhedhasar hadis sahih uga surat An-Nisa ayat 10. Gegambaran siksa kang kaya mangkono lumrahe pancen ditojokake karo wong kang numindak keji karo bocah yatim. Siksa geni kang ngambra-ambra kaya mangkono bakal ngrusak sistem saraf manungsa. Bab iki bisa dideleng saka pethikan ing buku *isra' mi'raj* adhedhasar hadis riwayat Baihaqi kaya mangkene:

Orang yang memiliki bibir seperti unta. Mulut mereka dibuka dan disuapi bara api. Kemudian bara api itu langsung keluar dari arah selangkang mereka. Aku mendengar mereka berteriak memohon kepada Allah. (*isra' mi'raj* 2010:35)

Terjemahan:

*Pawongan kuwi lambene kaya dene lambe unta. Lambe dibukak banjur didulang geni. Geni mau metu saka selangkang manungsa kang kena siksa kuwi. Makhluk kabeh padha njerit kalara-lara njaluk pangapura marang Gustine.* (*isra' mi'raj* 2010:35)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake gegambaran siksa tumrap pawongan kang gelem karo rejekine bocah yatim. Wewujudan lambe pawongan kaya dene lambe unta. Gegambaran lambe kaya mangkono minangka gambaran manungsa kang asor banget. Sanalika pawongan kuwi nguntal geni kang metu saka selangkange nganti kelara-lara padha njerit njaluk pangapura sabab dosane kang keji karo bocah yatim.

Adhedhasar andharan iki bisa ditegesi yen pethikan naskah *KMN* laras karo pethikan buku *isra' mi'raj*. Uga slaras karo surat An-nisa ayat 10 kang wis diandharake ing sub bab kandungan isi ing ndhuwur. Antarane naskah *KMN* lan buku *isra' mi'raj* nuduhake sesambungan ngenani gegambaran siksa wong kang zhalim karo bocah yatim. Gegambaran geni kang ngambra-ambra, yen diombe sejatine ora bakal nyirnakake dahaga, nanging malah marakke dahaga. Geni panas mesthi bakal ndadekake tuwuhe kontraksi ing bageyan weteng, saliyané kuwi bakal ngrusak sistem syaraf manungsa. Nadyan kaya mangkono siksa kuwi trep kanggo piwalesan tumindak zhalim, siksa kuwi asipat kekal bakal ditampa manungsa nganti salawase.

## 2. Riba

Wewujudan siksane nuduhake afirmasi yaiku wong kang disiksa nggunakake gada wesi nganti ndlosor kelara-lara, ora bisa madheg. Selaras uga karo nukilan surat Al-Baqarah ayat 275 ngenani siksa tumrap tumindak riba.

## 3. Fitnah

Gegambaran dendeng mentah lan irisan dendeng saka awak manungsa didelengake tumrap wong kang

numindak fitnah liyan. Kekarone nuduhake anane afirmasi lan naskah pikantuk pangaribawa saka buku *isra' mi'raj* sarta nukilan surat Al-Qalam ayat 10. Gegambaran siksa kuwi diandharake ing naskah *KMN*, kaya mangkene pethikane:

*//aningali wong akatha/  
kalih dasa ketah niki/  
malikat rewang ira/  
wong malikat ana kalih/  
sing anyekel dhingdhing/  
sanunggal angungkap cangkemu/  
dinulang dhingdhing metan/  
tan kena benggang sanyari/  
datan kena anjerit nyibek cangkemnya//  
(Pupuh II, pada 39)*

Pethikan ing ndhuwur nuduhake gegambaran siksa tumrap pawongan kang wis fitnah marang wong liya. Nabi Muhammad meruhi rong malekat, siji malekat nggawa dendeng mentah lan sijine mbukak lambe makhluk. Banjur didulang dendeng mentah sacara terusterusan nganti ora bisa nulak lan njerit. Pethikan naskah *KMN* kuwi bisa ditegesi pikantuk daya pangaribawa lan nuduhake afirmasi saka buku *isra' mi'raj* kang nuduhake uga nukilan surat Al-Qalam ayat 10 ngenani fitnah.

Gegambaran dendeng kang wis mambu banjur didulang maneh marang manungsa, nuduhake yen manungsa kuwi isi sakabehe awakke mung samubarang haram. Bab ngenani dendeng mambu kuwi dituduhake sajrone pethikan naskah *KMN* lan surat Al-Qalam, kaya mangkene pethikane:

Daging tubuh mereka disayat dan disuapi ke mulut mereka sendiri. Malaikat berseru ini adalah daging para saudaramu yang kau makan dulunya. (*isra' mi'raj* 2010:35)

Terjemahan:

*Daging saka awakke makhluk kuwi diiris banjur didulang maneh tumrap makhluk kuwi. Para malekat ngucap yen kabeh daging iki mujudake daging saka sanak sadulurmu kang wus kokpangan sadurunge.* (*isra' mi'raj* 2010:35)

*"lan aja nganti sira anut golongan manungsa kang asring sumpah lan hina, akeh ngolok-olok wong liya uga asring ngumbar guneman kang pungkasane ndadekake fitnah."* (Al-Qalam: 10)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake siksa ing ngalam kubur tumrap wong kang fitnah liyan. Makhluk kuwi bakal didulang irisan daging saka awakke dhewe. Daging saka kasil dulangan kuwi mujudake daging saka sadulure. Jalaran manungsa kuwi wus gelam ngolok-olok, ngumbar sipat sanak sadulure yaiku saka keturunan nabi Adam. Sakabehe wujud siksa kuwi minangka ganjaran kang trep ditampa wong kang ora bisa njaga saben pocapane.

Saben pocapan kang ora adhedhasar kasunyatan bakal ndadekake wong liya rugi sarta luntur harga dirine uga kaluwargane. Mula aja nganti umat Islam nduweni patrap ala kaya mangkono yen urip ing satengahing masyarakat. Ana unen-unen kang nuduhake sapira nggegiris tumindak fitnah kaya mangkene “fitnah luwih kejem tinimbang rajapati”. Ateges pangaribawa pocapan luwih kelara-lara tinimbang kena rajapati. Lambe minangka pedhang kang landhep, mula nganti-ati saben pocap marang liyan. Mula bisa dideleng yen andharan ngenani fitnah sajrone naskah *KMN* nduweni sesambungan karo buku isra' mi'raj.

#### 4. Samubarang Haram

Antarane naskah lan buku nuduhake pambada ngenani wujud siksa tumrap wong kang seneng karo samubarang haram. Sajrone naskah sinebut nggunakake geni, lan buku nggunakake dendeng. Samubarang haram sajrone naskah mung gumathok omben-omben nanging buku nuduhake samubarang arupa jajanan lan omben-omben kang diharamake.

#### 5. Zina

Tuwuh pambada antarane naskah lan buku ngenani gegambaran siksane. Sajrone naskah nuduhake siksa lumantar kewan kang nyokot lan buku nuduhake lumantar payudara kang digantung. Kekarone bageyan kuwi wigati kanggone wong wadon, mula para malekat nyiksa ing bageyan kasebut.

#### D. Kahanan Langit

Kahanan langit kang digambarake sajrone naskah *KMN* lan buku isra' mi'raj nuduhake anane pambada. Pambada kang nyata wiwit ana patang aran telaga, sinebutan panggonan nabi Muhammad kapanggih klawan Gusti, sarta gegambaran swarga lan neraka. Nanging uga nuduhake pepadhan wujud kaendahan langit pitu.

Perangan wiwitan bakal kaandharake patang telaga kang diweruhi nabi Muhammad nalika ing langit pitu yaiku telaga puhan, arum, manis lan banyurip. Kaya mangkene pethikan sajrone naskah:

*//inggilipun terus sapta langit/  
Pucukipun anyunduling arsy/  
ingsun sapta bumi reki/  
mungging tengen kiwaku/  
ana telaga pat wastani/  
siji telaga puhan/  
ping kalih puniku/  
telaga arum tirtanya/  
kaping tiga tirtanya langkung manis/  
ping pat banyurip ika// (Pupuh III, pada 40)*

Saka pethikan kasebut bisa diweruhi yen nabi Muhammad wis tekan langit kaping pitu. Langit pitu minangka lapisan langit pungkasan kang wis cedhak karo panggonan arsy Gusti Allah. Nabi ndeleng sakiwa tengen

kahanan langit pitu ana telaga papat yaiku telaga puhan, arum, manis, lan banyurip.

Kahanan langit nuduhake aran patang segara kang sinebut sajrone naskah uga sinebut sajrone buku isra' mi'raj adhedhasar hadis riwayat Imam Bukhari. Nanging jeneng patang segara kasebut beda, uga ora kabeh saka papat segara bisa sinawang makhluk. Sabab rong segara digambarake samar-samar. Bisa dideleng saka pethikan adhedhasar hadis riwayat Bukhari ing ngisor iki:

Empat buah sungai, yang dua terlihat samar yang dua lainnya jelas terlihat. Aku (Muhammad) bertanya kepada Jibril, “apa iki Jibril?”. Jibril menjawab sungai yang terlihat samar namanya sungai Sihan dan Jihan. Kalau sungai yang jelas terlihat namanya sungai Nil dan Euftrat. (isra' mi'raj 2010:136)

Terjemahan:

*Ana Papat telaga, kalih katon samar, kalih liyane katon nyata. Aku (Muhammad) takon klawan Jibril, “apa iki Jibril?”. Jibril mangsuli, “kalih telaga kang katon samar-samar sinebut Sihan lan Jihan. Yen kang katon nyata ing panyawang yaiku kali Nil lan Euftrat.” (isra' mi'raj 2010:136)*

Pethikan ing ndhuwur nggambarake kahanan ing langit pitu arupa telaga. Patang telaga kang diweruhi nabi Muhammad, nanging loro telaga katon nyata, loro liyane katon samar. Banjur nabi Muhammad takon klawan malekat Jibril aran telaga kang nyata lan samar kuwi. Telaga kang katon nyata sinebut Nil lan Euftrat, yen kang katon samar sinebut Jihan lan Sihan.

Adhedhasar sakabehe andharan ngenani papat telaga ing langit pitu kuwi, nuduhake pambada sinebutan jeneng telaga. Aran telaga kang perlu dadi pedhoman lan kapercayan yaiku telaga Nil, Euftrat, Sihan lan Jihan. Saka papat telaga kuwi nduweni kautaman sabab punjering aliran banyu saka swarga. Telaga Nil lan Euftrat uga ana ing ngalam donya, nil minangka telaga kang paling dawa lan amba. Sajrone hadis riwayat Abu Huraira nyertakake wewujudan patang telaga ing ndhuwur yaiku: nil minangka telaga madu, arak minangka telaga arak, jihan telaga susu, lan sihan telaga banyu bening. Kasunyatan kahanan langit khusus gegambaran telaga kasebut mung Gusti kang mangerteni, *wallahu a'lam*.

#### NEGASI

*Penyimpangan* utawa kawastanan negasi, akeh tinemu sajrone riptan sastra mligine riptan kuna kaya dene naskah. Naskah *KMN* akeh nuwuhake negasi dijlentrehake saben sub bab kayata: sub bab carita wiwitan (riwayat kaluwarga, asma garwa nabi, gegambaran kasetyane Dewi Amina), sub bab isra' mi'raj (gegambaran siksa ing akherat, gegambaran segara ing



langit, mukjizat), lan sub bab pungkasan carita ngenani para shahabat nabi lan Mudin Hasan.

sajrone naskah *KMN* iki wiwitan pupuh nuduhake silsilah naskah. Andharan crita wiwitan ing pupuh siji diandharake ngenani pengenalan paragane lan riwayat kaluwarga nabi Muhammad sarta kelairan lan wayah nabi isih bocah. Bisa dideleng kaya pethikan ing ngisor iki:

*//Yang Sukma kang maring bumi/  
anurunaken cahya/  
ing Maqbul Muqsar iku/  
tumiba putra Abdullah/  
ing patapan pernahipun/  
cahya nurbuwat tumiba// (Pupuh I, pada 11)*

*//mila wonten ing pan sepi/  
tan arsa krama anyar/  
Dewi Amina wastane/  
apadene sapocapan/  
ing mangke Abdullah/  
atamya nungi luhung// (Pupuh I, pada 12)*

Pethikan ing ndhuwur nuduhake kakuwasaning Gusti kang nduweni jagad gumelar. Sawijining papan panggonan yaiku negara Maqbul Muqsar, Gusti nyiptakake makhluk lanang asmane Abdullah. Kadadayan iki ing papan panggonan mertapa ana cumlorot cahya nurbuwang, pranyata cahya kuwi wujud Abdullah. Pethikan sabanjure nuduhake yen ing papan sepi, Gusti nyiptakake makhluk wadon kang nduweni asma Dewi Amina. Makhluk wadon kuwi bakale kapanggih Abdullah lan wis ginaris bakal jejodhoan. Abdullah kang nduweni derajat dhuwur bakal dadi sisihane Dewi Amina.

Cahya nur buwang ateges sumber sakabehing cahya kang mung diduweni klawan Gusti Pengeran. Katon yen panulis kepingin ngluhurake derajat Abdullah sajrone carita. Nanging malah nuwuhake negasi awujud penciptaane lumantar cahya kuwi, sabab cahya kuwi ora bisa diduweni makhluk ciptane Gusti. Saka pethikan sabanjure asma wong wadon kang jejodhoan klawan Abdullah yaiku Dewi Amina. Pancen katon banget yen panulis naskah kepingin menahi weruh pamaca yen garwa Abdullah wong wadon kang nduweni kalungguhan dhuwur. Ora mung kuwi tembung “dewi” uga ditegesi wewujudan widadari saka kahyangan kang ayune tanpa tetandhingan mudhun ing ngalam donya.

Sejatine ngenani ciptane Abdullah kaya dene manungsa yaiku lair saka kandungan biyunge. Mung siji makhluk kang dicipta saka lemah klawan Gusti tanpa nduweni kaluwarga, lan minangka makhluk wiwitan ing ngalam donya yaiku nabi Adam a.s. Abdullah nduweni bapa asmane Abdul Muntalib lan biyung asmane Fatimah. Sinebutan asma garwa Abdullah kang bener yaiku Siti Amina. Miturut basa Arab tembung Siti ateges

wong wadon lan Amina ateges bisa dipercaya. Sacara harfiah ditegesi wong wadon kang nduweni kalungguhan kang dhuwur lan becik. Andharan sabanjure ngenani kahanan kaluwarga nabi Muhammad. Sajrone naskah dituduhake yen kaluwarga nabi katurunan raja. Bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki:

*//trah kawarnaa ing maghrib/  
wus prapta sajroning kitab/  
malebeng kedaton mangke/  
saperapat ngiring ngayuna/  
mandheg ing arsanira/  
sang prabu alon amuwus /  
elingi anak ingwang// (Pupuh I, pada 15)*

Pethikan ing ndhuwur nuduhake Abdullah tekan kedhaton ing wektu maghrib. Wis ana sajrone kitab kang ana ing kedhaton. Sawise kuwi Abdullah ngadhup ing ngarsane bapane. Bapa banjur menahi pepeling lan wejangan tumrap Abdullah.

Naskah *KMN* nggambarake yen Abdullah minangka putra raja yaiku Abdul Muntalib. Nanging yen dideleng saka hadih sahah Abdul Muntalib minangka pimpinan kaum Quraisy nduweni anak kang kinasih yaiku Abdullah kang pengaweane dagang. Sajrone naskah katon ngluwih-luwihake kalungguhan Abdul Muntalib klawan Abdullah. Bab kuwi mujudake *negasi* kang sengaja dituduhake panulis. Jalaran panulis kepingin ngawe reriptan adhedhasar kahanan masyarakat kang istana sentris.

## PANUTUP DUDUTAN

Naskah *KMN* pikantuk saka Museum Mpu Tantular Sidoarjo kanthi nomer Inventarisasi 20.128/M. Asale naskah saka dusun Pitang, desa Lancar, kecamatan Larangan, kabupaten Pamekasan Madura. Ditulis wiwitan dening Pak Surub banjur disimpen dening Pak Ismail polisi Pamekasan. Aksara kang digunakake sajrone naskah yaiku Arab pegon lan basa Jawa anyar uga saperangan tembung kawi, tembung Madura lan tembung Arab. Kahanan naskah isih katon apik tulisane bisa kawaca, tintane ireng mandhes, werna kertase rada kuning soklat. Nanging samak ngarep lan mburi ora asli, wis diganti Museum samak kandel werna ijo supaya luwih awet. Sajrone naskah nduweni 89 kaca lan 15 pupuh, cacache larik saben kaca ana 15.

Isi sajrone naskah *KMN* ngenani isra' mi'raj kang ditindakake nabi Muhammad diandharake diperang dadi wolu. Antarane kayata: riwayat kaluwarga nabi, riwayat nalika nabi isih bocah nganti dewasa, nindakake isra', nindakake mi'raj (kahanan lan kadadayan unik), parentah sembahyang lan pasa, gegambaran swarga lan neraka, nalika nabi mbalik ing ngalam donya.

Naskah *KMN* iki kasil gubahan lan akeh nuduhake daya kretivitas kang rada nyimpang. Laire karya sastra mesthi nduweni sesambungan karo karya sastra kang nduweni bab rerembungan kang saemper. Buku kritik yen ditandhingake naskah pancen ana perangan kang nuduhake *afirmasi*, lan buku kasebut mungkin wae minangka hipogram, nanging sejatine ora bisa sinebut hipogram. Anane bab kang padha sajrone kekarone objek panliten, mula panliten iki dinakake kajian *intertekstual* kanthi kasil nemokake saperangan bab kang saemper. Bab kuwi diringkes ana 4 yaiku: (1) lelampahan isra', (2) lelampahan mi'raj, (3) Kadadayan Unik Nalika Mi'raj, lan (4) Kahanan Langit. Senajan nduweni pamikiran kang padha, nanging saben objek panliten iki ngandharake kanthi beda-beda.

### PAMRAYOGA

Sacara umum panliten kudu bisa menehi paedah teoretis utawa praktis. Kasil saka panliten iki diajab bisa nambahi khazanah kawruh ing babagan sastra mligine kajian tumrap naskah lawas. Panliten iki uga kanggo nuduhake kaluhuran nabi Muhammad lan kaesaan Allah lumantar lelampahan isra' mi'raj. Kanggo koreksi dhiri umat Islam padha nindakake rukun Islam mligine sembahyang supaya adoh saka siksa keji ing ngalam akherat. Sakabehe kuwi mujudake pesan agama lan moral kang migunani kanggo panguripan masyarakat.

Panliten intertekstual antarane objek naskah *KMN* lan buku *isra' mi'raj* iki lagi sepisan dilakokake. Tumrap panliten sabanjure supaya luwih ngrembakake kajian kayata nggunakake teori semiotik, pragmatik lan sapanunggalé. Mula kasil andharane isih adoh saka bener lan kasampurnan. Mula panliti mbutuhake kritik lan saran. Pungkasan kanggo panliten sabanjure supaya nduweni pepinginan nлити kanthi objek naskah lawas genre agama kanthi tintingan Intertekstual. Sabab isih akeh naskah lawas kang durung diteliti nggunakake teori kasebut.

### KAPUSTAKAN

Ahmadi, Abu. 1995. Mutiara Isra' Mi'raj. Jakarta : Sinar Grafika Offset.

Asqalani, Hajar Ibnu, dkk. 2010. *Al-Isra Al-Miraj*. Penerbit: Qisthi Press

Baried, Siti Baroroh, dkk. 1983. *Pengantar teori Filologi*. Jakarta: Departemen Pendidikan Nasional Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.

Damono, Djoko Sapardi. 2005. *Pegangan Penelitian Sastra Bandingan*. Jakarta: Pusat Bahasa.

Endraswara, Suwardi. 2003. *Metode Panliten Sastra: Epistemologi, Metode, Teori dan Aplikasi*. Yogyakarta : Pustaka Widayatama.

Haraki, Abu Majdi. 2016. *Misteri dan Keajaiban Isra' Mi'raj*. Yogyakarta: DIVA Press.

Jabrohim. 2012. *Teori Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Moleong, Lexy. 2010. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung PT Remaja Rosdakarya.

Nata, Abuddin. 1993. *Al-Qur'an dan hadist*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.

Nurgiyantoro Burhan. 2005. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.

Purnomo, S. Bambang. 2007. *Filologi dan Studi Naskah Lama*. Surabaya: Penerbit Bintang Surabaya.

Purnomo, S. Bambang. 2011. *Kesastraan Jawa Pesisiran*. Surabaya: Bintang.

Pradopo, Rachmad Djoko. 2013. *Beberapa Teori Sastra, Metode, Kritik dan Penerapannya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar Offset.

Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar Offset.

\_\_\_\_\_. 2007. *Sastra dan Kultural Studies: Representasi Fiksi dan Fakta*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Reni Lailia Wati. 2014. *Piwulangan Agama sajrone Naskah Kitab Thareq*. S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa Unesa.

Suryani NS, Elis. 2012. *Filologi*. Bogor: Penerbit Ghalia Indonesia.

Subandiyah, Heny. 2007. *Filologi dan Metode Penelitiannya*. Surabaya: Unesa University Press.

\_\_\_\_\_. 2000. *Kitab Mi'raj Nabi: Sebuah Telaah Filologis*. Tesis tidak diterbitkan.

Teeuw, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pusataka Jaya

\_\_\_\_\_. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Jakarta: Dunia Pustaka Jaya.

Todorov, Tzvetan. 2012. *Dasar-dasar Intertekstualitas*. Denpasar: CV Bali Media Adhikarsa